

Pawòl ko-edite yo

Patrick Attié et Raymond Kernizan

Jounen jodi a, lemond antye ap travèse yon peryòd chanjman sistemik nou pa te janm wè anvan sa. Yo ap avanse sou nou rapidman epi yo pote laperèz. Pi plis toujou, chanjman sa yo ap avanse ak tout boulin. Se yon seri transfòmasyon an pwofondè, ki anvayi tout sektè, tankou: klima, ekonomi, finans, ledikasyon, lasante, lapolitik, relasyon moun ak moun. Se pwogrè teknolojik yo menm ki lakòz deboulonnman san parèy sa yo. Pòt antre pwogrè syantifik sa a, deranjan sa yo se *NBIC* (nanoteknoloji, biyoteknoloji, enfòmatrik, syans koyitiv), entelijans atifisyèl, aprantisaj machin, teknoloji megadone (*big data*), renesans resan konkèt lespas, prezans entènèt toupato, materyèl enprime sou fòm 3D, elatriye. Tout pwogrè sa yo rann posib rantrè transimanis lan (*transhumanisme*) epi rann li disponib pou tout moun.

Ki figi sosyete nou an pral genyen lè «**gwo nèg nèg** yo» vin konnen tout sa nou renmen, sa nou pi pito, abitud nou, opinyon politik nou? Genyen nan transfòmasyon sa yo ki pral ranfòse inegalite yo nan mitan moun, nan mitan divès kominote yo, pami peyi yo. Èske Ayiti ap genyen plas li kòm pwodikètè lakonesans, ki se sèl mwayen, jounen jodi a, pou moun pwodui byennèt? Transfòmasyon sa yo ka lakòz devlopman yo rive fèt ak tout boulin, si nou pare pou yo, konsa tou yo kab lakòz pi plis distans ant Ayiti ak rès peyi nan lemond yo.

Atik ki parèt nan nimewo sa a ap eseye analize pwoblematik sa a, epi pote yon repons nan ka Ayiti, pou kesyon nou ap poze tèt nou yo.

Pou nou kòmanse, **Reynald Althema**, nan atik opinyon li an, *Technology in health care: prudence against exuberance, warning against inertia*, fè envantè divès nouvete teknolojik nan domèn medikal. Li fini pou li di wòl teknoloji a nan amelyorasyon swen lasante nan peyi a se yon aksyon ki pa gen dout sou li. Men, nou pa dwe sèvi ak

teknoloji sa a san kontwòl epitou nou dwe konnen ki kantite lajan sa ap mande pou nou debouse.

Nan analiz yo a, **Patrick Attié** ak **Raymond Kernizan** ap eseye fè nou reflechi sou defi 3^{yèm} milenè a, ki mache avèk yon devlopman lasyans nou pa te abitye wè, ansanm ak teknoloji nou pa te abitye wè ki rive sou nou tou pare. Sa vin lakòz yon fizyon biyoteknoloji ak enfòmatrik. Yo ap defann prezans yon plan Marshall syantifik eklere epi ki koresponn ak bezwen peyi a. Pou yo, se ta yonn nan levye nou ka itilize pou nou retire peyi a nan eta povrete total kapital li trouve li a.

Valérie Payant Jean-Baptiste parèt ak yon refleksyon kritik sou akizasyon konesans ak konpetans moun aprann nan milye enfòmèl la apati itilizasyon teknoloji enfòmatrik epi kominikasyon (TIC an franse). Li prezante nou rezilta li ranmase apati yon etid etnografik sou obsèvasyon ak analiz aksyon epi entèraksyon pwofesyonèl yo al chèche pou yo kab genyen TIC yo, apwofondi lòt konesans epi devlope konpetans yo sou mache enfòmèl lavant epi reparasyon telefòn pòtab an Ayiti.

Nan atik **Olson Italis** la, li dekri pwoblematik lavant epi achte kay (imobilye) an Ayiti epi li etidye posiblite pou moun itilize teknoloji blockchain lan pou yo rezoud pasyèlman pwoblèm ki genyen nan domèn lan. Li prezante teknoloji sila a rapidman epi li bay detay sou kèk eksperyans yo fè nan peyi etranje. Pou li fini, li fè yon ranmase sou avantaj itilizasyon teknoloji sa a ta kab pote pou Ayiti epi fason pou yo ta sèvi ak teknoloji sa a nan peyi a

Vladimir Berthaud raple nou sitiwayon sanitè nan peyi Ayiti epi sigjere itilizasyon rezonab nan telemedicine pou nou ka simonte sèten pwoblèm. Li plede rès pou ke nan sikonstans difisil sa a yo, nou eksplòre telemedicine kòm yon solisyon inovatè pou soulaje mank travayè, konble lakin ki genyen nan aksè pou swen sante ak amelyore rezilta sante nan peyi Ayiti. ■

JobPaw . C O M

Connecter professionnels, entreprises et universités